

GOUDOU GOUDOU

CHAK LEKOL TA DWE GEN YON PWOFEYONEL NAN DOMENN SANTE MANTAL POU FE

AKTIVITE SIKOSOSYAL AVEK ELEV YO LE YO VIV YON EVENEMAN TWOMATIK

TANKOU GOUDOU GOUDOU.

Mwen se Fransnel DORSAINVIL, yon sikolog lasyans dakò. Mwen vle pataje pawoli sa yo avèk nou aprè Goudou Goudou ki sot pase nan gran nò Peyi a kite 06 Oktòb 2018. Mwen fè l nan lide pou mwen montre nou kijan yon gwoup jènn nan yon lokalite gwomòn nan kad yon aktivite sikososal nou te reyalize soti 01 pou rive 04 Fevriye 2019. Pandan nou kite anpil lizay pou patisipan yo, ala papòt mwen ankouraje anpil lekòl konprann kisa ki yon evènman twomatik epi ki enpak li kapab fè nan lavi afektif moun ki viv li.

Lekòl yo kapab jwenn kek evènman ki kapab pase nan mitan elèv yo ak pwofesè yo ki ka lakòz timoun yo twomatize. Ann site kèk, yon timoun ki touye tèt li, yon lanmò brit soukou, yon katastwòf ki pase, yon aksidan ki rive nan lekòl la, gwo manifestasyon pou nou site sa yo selman.

Nou dil se yon evènman twomatik paske l fèt avèk anpil vyolans, li brital, li pat planifye kote li reprezante yon menas pou lavi fizik oubyen sikilojik timoun nan.

Ayiti se yon peyi ki anba risk fenomèn natirèl yo. Nou kapab site Siklon, inondasyon, lanmè monte ak sounami, deboulonnay te epi Goudou Goudou. Yon verite nou paka neglije, paske chak lane, genyen pou pi piti 10 000 Goudou Goudou ki pase sou la tè. Ris natirèl sa yo touye anpil moun. Pou peyi nou ayiti, nan lane 2010 la, 12 janvyè te touye 230 000 moun. Pou lane 2011, yon lòt Goudou Goudou te touye sou kot pasifik la, nan peyi Japon 18 079 chretyen vivan. Selon yon liv F.E.P.H pwodwi sou sa depi lane 2018.

3 mwa pase depi Goudou Goudou sot pase nan gran nò peyi a. Kite vreman lakoz anpil dega fizik (sa nou kapab wè oubyen touche) epi chok emosyonel (Sa nou paka wè men ki kapab afekte bon

GOUDOU GOUDOU

jan fonksyonman sichik moun nan). Yon chok emosyopnel kapab lakoz sa nou rele evènman twomatik.

Kisa von Evènman Twomatik ye?

Se tout evènman ki depase reyalite abityèl yon moun, ki depase sa li kapab sipòte epi ki kapab lakòz gwo boulvèsman ak detrès tankou: (gwo lapèrèz ki ka menm pèmèt moun nan paralyze, pete kouri, pèdi kontwòl tèt li oswa tout bon sans li).

Sa enplike ke moun nan konprann yon menas ak entegrite fizik oubyen sikolojik li oubyen kay yon lòt moun ki pwòch li tankou paran, sè, frè oswa zanmi.

Karakteristik von Evènman Twomatik:

- Li Brital, menasan,
- Li menase entegrite fizik moun nan
- Li pa fè pati de tout evènman moun konn viv chak jou kidonk, li diferan.
- Li gen yon karaktè enprevizib
- Li boulvèse fonksyon Sichik moun nan.

Kèk Evènman Twomatik :

- Aksidan grav (Machin, Moto, Avyon, Tren, bato, elatriye)
- Lanmò Sibit
- Vyòl
- Lagè
- Agresyon seksyèl oubyen Fizik
- Maladi Grav oubyen ki paka jwenn la gerizon
- Katastwòf Natirèl yo tankou (Tranblemann tè (Goudougoudou), Siklòn, Sinami,elatriye)

GOUDOU GOUDOU

Nan monn lan, nou rive reyalize nan tout fenomèn natirel yo, Goudou Goudou endirèkteman touye plis moun . Nou di endirèkteman paske lojikman Goudou Goudou pa touye moun men se move konstwiksyon yo, konpòtman nou genyen nan moman epi aprè li fini pase epi se jan nou aji konprann li nan lespri nou.

Ala papòt, ann gade gwoup jènn sa yo konprann fenomèn sila.

Nan yon travay nou reyalize ansanm avek gwoup jènn sa yo, me rezilta travay nan gwoup yo soti :

Kisa nou konnen Goudou Goudou ye ?

- ❖ Se malediksyon Bondye sou la tè
- ❖ Se jan nou fè mal sou la tè
- ❖ Se yon fenomèn natirel
- ❖ Se gran pwisans yo kap eseye Bonm
- ❖ Se peche nou ki lakoz
- ❖ Kontwa late pweske fini
- ❖ Se la tè ki gen twop bagay sou li epi lap souke kò l

Pandan Goudou Goudou tap pase, kisa nou te fè ?

- ❖ Nou te kouri
- ❖ Nou tap kriye Gras papa
- ❖ Nou tap ri
- ❖ Nou te sezi
- ❖ Nou te kouri al chache telefòn nou
- ❖ Nou vole tonbe atè
- ❖ Kriz te pran nou telman nou etone
- ❖ Nou te chita paske nou pat konnen sa li te ye
- ❖ Nou te kouri ale kenbe vèselye
- ❖ Nou te kouri ale jwenn manman nou ak papa nou
- ❖ Nou te kouri antre andan kay la
- ❖ Nou te nan lakou a, nou te kouri al kache

GOUDOU GOUDOU

❖ Kouri kenbe yon poto

Kisa nou te santi aprè Goudou Goudou te fini pase ?

- ❖ Nou te santi kè nou tap sote
- ❖ Tout eskelèt nou deplase
- ❖ Pye nou te mòl
- ❖ Nou te santi lespri nou pati paske lakay nou te kraze epi se premye fwa nou te wè bagay sa
- ❖ Kè nou te sere paske nou pat panse avèk sa
- ❖ Nou te santi nou twoumante
- ❖ Nou te panse se lafen kite rive
- ❖ Tout sa ki tap pase nan anvironnman nou pat enterese nou
- ❖ Nou te santi 2 pye nou nan yon sèl soulye
- ❖ Nou te santi nou tris epi lespri laperez te anvayi nou
- ❖ Nou te santi tèt vire
- ❖ Nou te pèdi konesans
- ❖ Nou te anvi rele men nou pat kapab

Kisa nou te fè epi kounye a, nou regrèt kounye a?

- ❖ Nou te ri moun kite tonbe yo
- ❖ Nou te kouri
- ❖ Chak nap domi , nou santi tankou kay la pral tonbe epi nou kouri san kontwole
- ❖ Nou te nan lari , nou ale kache anba kay
- ❖ Nou te ap frape poto kay yo pou nou fè lot moun kouri
- ❖ Nou pat vle ale lekòl
- ❖ Nou te rele fè gwo bri
- ❖ Nou te leve kouri san rad nan lari a
- ❖ Nou pat vle manje
- ❖ Nou tap betize moun kite viktim yo
- ❖ Nou te bliye ede moun kite viktim yo.

GOUDOU GOUDOU

3 mwa sa fini pase kijan aktivite lekòl nou ye ?

- Nou santi nou estrese jan kay lekòl la ye
- Nou paka etidye menm jan
- Nou paka kenbe leson yo
- Nou paka reflechi anpil
- Tèt nou toujou ap fè nou mal
- Repons nou yo kout
- Nou toujou ap reviv sak te pase a
- Nou pa santi nou ka manje menm jan
- Nou vini fache pi vit
- Nou pa renmen ale nan aktivite ki gen anpil moun
- Nou toujou pa vle chita lwen pòt la

Mwen vreman rekomande :

1. Pou lekòl yo genyen yon pwofesyonèl nan domèn sante mantal pou ede elèv twomatize yo.
2. Pou lekòl yo konprann aprè chak evènman twomatik yon seyans sikosyal vreman endispansab pou elèv yo ekilib sichik yo.
3. Pou lekòl yo vreman konprann batiman lekòl la jwe gwo wòl nan estabilite emosyonèl elèv yo nan nivo yo te rive afekte pou bon randman eskolè
4. Pou lekòl toujou verifye aprè yon evènman twomatik tout elèv ki rive nan fobi eskolè (Pe vini lekòl)
5. Pou lekòl yo genyen yon sikològ pou akonpanye elèv yo nan difikilte/ twoub daprantisaj, pwoblèm memwa, difikilte pou yo konsantre, pwoblèm afektif nan fanmiy yo epi lè yo gen stress oubyen nenpot pwoblèm kite kapab afekte fonksyoneman sichik yo.